ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№79 (24.205) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Урысеймрэ Белоруссиемрэ хыхьэ щІыналъэхэм я Зэхуэсышхуэм

Урысеймрэ Белоруссиемрэ хыхьэ щІыналъэхэм я Зэхуэсышхуэм мыхьэ иткІэ бадзэуэгъуэм и 1-м, видеоконференц Іэмалкіэ зэпащІэри, зэхэтащ къэралитІым я унафэщІхэр къыщыпсэлъа кІэух зэІущІэ зыубгъуар. Зэхьыхэр зытеухуауэ щытар дуней псор бжыгъэм тещІыхьа Іуэху къызэгъэпэщыкІэм щыхуэкІуэ мы лъэхъэнэм Урысеймрэ Белоруссиемрэ щІэныгъэ-техникэ Іэнатіэм щызэдэлажьэнырщ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советымрэ Беларусь Республикэм и Лъэпкъ Зэхуэсым Республикэмкіэ и Советымрэ, къэралитІым я правительствэхэм, Союзнэ къэралыгъуэм Зэпымыууэ лажьэ и комитетым я унафэщІхэр, Европэдэуи къэралхэм хиубыдэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр. Видеоконференц зэпыщІэныгъэ мардэм тету зэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

Зэхуэсым кІрихьалІахэм защІыхиугъаэзм, Урысейм и Президент Путин Владимир къыхигъэщащ Белоруссиер Урысейм дежкІэ гъунэгъуфІу зэрыщытым и мызакъуэу, псом япэрауэ, и дамэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэу къыззэрилъытэр. Урысей къэралыгъуэм и Унафэщым жиІащ хэкуитІым яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр пщІэ зэхуэщІныр, зыззэщІэгъэкъуэныр, зым и сэбэп зыхэлъыр адрейм къилъытэныр я лъабжьэу зэрарухуэр.

Беларусь Республикэм и Президент Лукашенкэ Александр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ бжыгъэм тещІыхьа, Іуэху ириэзфІахыныр зи лъабжьэ унэтІыныгъэхэмкІэ зэгурыІуэну и чэзу зэрыхъуар.

Зэ1ущІэм унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэщІэзыубыдэ зэгурыІуэныгъэ щэ ныкъуэ хуэдиз щызэращІылІэну, доллар мелуан 800-м щигъу и уасэ контрактхэм Іэ щытрадзэну я мурадщ.

Беларусь Республикэм и Президент Лукашенкэ Александр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ бжыгъэм тещІыхьа, Іуэху ириэзфІахыныр зи лъабжьэ унэтІыныгъэхэмкІэ зэгурыІуэну и чэзу зэрыхъуар.

Зэ1ущІэм унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэщІэзыубыдэ зэгурыІуэныгъэ щэ ныкъуэ хуэдиз щызэращІылІэну, доллар мелуан 800-м щигъу и уасэ контрактхэм Іэ щытрадзэну я мурадщ.

Беларусь Республикэм и Президент Лукашенкэ Александр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ бжыгъэм тещІыхьа, Іуэху ириэзфІахыныр зи лъабжьэ унэтІыныгъэхэмкІэ зэгурыІуэну и чэзу зэрыхъуар.

Урысей къэралыгъуэм и Унафэщым жиІащ хэкуитІым яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр пщІэ зэхуэщІныр, зыззэщІэгъэкъуэныр, зым и сэбэп зыхэлъыр адрейм къилъытэныр я лъабжьэу зэрарухуэр

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Іуащхьэмахуэ щыгум щагъэлъапІэ

Нобэ, бадзэуэгъуэм и 3-м, илъэс 85-рэ ирокъу Урысейм и Къэрал автоинспекцэр къызэрызэрагъэпэщ. Махуэшхуэм и щыхькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ГИБДД-м и лэжьакІуэхэр Іуащхьэмахуэ дэкІри, абы и щыгум ныпхэр щагъэуваш.

УРЫСЕЙ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэ псоми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхур щекІуэкІащ Европэм и лъагапІэ нэхъ иныл - Іуащхьэмахуэ.

Гид, альпинист-ІэщіагъэлІхэу Темм-моев Албэчрэ Гулиев Русланрэ зыщІыгъуэ гупым хэтащ республикэ МВД-м и ГИБДД-м и гъэзгу-плъыр къулыкъум и батальон щхьэхуэм и унафэщІ, полицэм и подполковник Сухорученкэ Дмитрий, УГИБДД-м и лэжьакІуэхэу кІэлъыплъыныгъэ-профилактикэ лэжьыгъэмкІэ къудамэм и унафэщІ, полицэм и майор Лыджыдэ Рэмзэан, къудамэм гъэзгу кІэлъыплъыныгъэмкІэ и гупым и къэрал инспектор нэхъыжь, полицэм и капитан Къущхьэ Рустам, КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон хэхам административнэ законодательствэр гъэзэщІэныкІэ и инспектор нэхъыжь, полицэм и капитан Бэрэздж Светланэ.

Бгым дэкІыныр жэщым щІадзащ икІи нэхульэр къыщищІым Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр, апхуэдэуи Урысей МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и логотипыр зытетыр, Іуащхьэмахуэ щыгум и къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ жьым щызэрихьэу щагъэуваш.

Гупым хэтащ бгым дэкІыным хуэмыІэзи. Абыхэм я къарум, зэрыбгышэчым Іэмал къариташ гъэзгуанэр къызэпачу зыхуагъэува мурадыр зрагъэхъулІэну, тхыдэм кьыхэнэн Іуэху зэфІахыну.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Узыншагъэ

Лэжьыгъэм и пІалъэкІэ зохъуажэ

Тырку Республикэм и дохутырхэр COVID-19-м зэрыпэщІэтым, абыхэм я лэжьыгъэм и пІалъэ зрагъэщІэну а къэралым щыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэр.

СПИД-мрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ защыхъуэмэнымкІэ, абыхэм япэщІэтынымкІэ республикэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Иуан Маринэ, Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №1, №2-хэм я унафэщІхэу Кумыщ Анзор, Тогуэаевэ Залинэ сымэ Бурсэ къыщыізэуаха госпиталь нэхъ инитІым щыгъуазэ щызыхуащІащ коронавирусыр зыпкърыт сымаджэхэм зэрелэзэ Іэмалхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа дохутырхэм япэу гу зылъатар цІыхухэм псоми медицинэ нэкІуІупхъуэр зэрапаІуьырщ, щІыбми пэш кІуэцІми абыхэм къыхуагъэува хабзэр ткІийуэ щагъэзащІэ. КъищынэмыщІауэ, ахэр вакцинэр къыщыхалъхьну чэзум поплъэ.

Иджыпсту Тыркум узыфэ зэрыцІалэхэм зэрапэщІэт мастхэр зыхалъхьэр щІалэгъуэлэрщ, нэхъыжьхэм нэхъ пасэу ар ящІэкІащ. Къэралым щыпсэухэм я процент 33-м вакцинэр халъхьаКІащ. Тырку правительствэм и мурадщ жылагъуэм и процент 80-р а Іуэхум къызэщІгурыуэбыдэну.

Коронавирус

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Напэкіуацыр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

● Гъэсэпэтхыдэхэр

Адэм и уэсят

ЗЭЛІЗЭФЫЗ псэурт, зы къуэ яІэу. Анэр щІэх дунейм ехьажащ. ЛІыми, фызым и дунейр щихъуэжьым, къуэм Іэщ Іагъэ иритащ, щхьахрэ шынэрэ имыщІэу игъэсащ.

Жьы хъуэ лІыжьым и лІэгъуэр къыщысым, и къуэм жриІащ:

- Си лІэгъуэ хъуащ, І эщІагъэ уиІэщ, шынэ жьыхуаІэр пщІэркъым, псэу, дунейм цІыху хуэдэу тет. Ауэ удэхуэхрэ тхьэмыщкІэ дыдэ ухъумэ, мыпхуэдэ къуажэм дэс си ныбжьэгъум деж кІуэ. Абы къыбжиІэнщ адэкІэ пщІэн хуейр.

Куэд дэмыкІыу адэр дунейм ехьажащ. Тэлай дэкІаІуэ, щІалэр гугъусыгъу щыхэхуэм, и адэм къыжриІаІуэ щытыгъар игу къэкІыжащ. Арати, и адэм и ныбжьэгъум деж тридзэри кІуащ, и Іуэхури бгъэдилъхьащ. Здэкіуа лІыми щхьэгъусэ къызэришэн хуейр къыжриІащ.

- АтІэ, Іуэхур арамэ, уи пхъур къызэт, - жиІащ щІалэм.

- Хьэуэ, си пхъур уэ фыз пхуэхъунукъым, ар бзаджэщ, - идакъым лІым.

- Мыбы нэс сыкъыщыкІуакІэ, жысІэн щыжысІакІэ, икІуэт сиІэжъым, къызэт уи пхъур, - иувыкІащ щІалэр. Сытми, адэм иригъэдащ.

Щ І а л э р у н э м щ І а ш э р я г ъ э т Ы с а у э з д э щ ы с ы м, дж э д у ц І ы к І у к ъ ы щ І э л ъ а д э р и, «нау» жиІащ. Щ І а х у ж а щ д ж э д у р. Е т І у а н э ж ы щ І э л ъ а д э р и, а р г у э р ы ж ь т и, «нау» жиІащ. Щ І а х у ж а щ. «Е щ а н э у ы щ І э л ъ а д э р э п щ І э у м э, ф І з э г ъ э ж ы н у щ», - жиІащ щІалэм. Е щ а н э у к ъ ы щ ы щ І э л ъ а д э м, д ж э д у м к І э и р и т а щ щ І а л э м. А р и н э г у щ І э к І а щ х ъ ы д ж э б з ы м.

ЗэрызэгурыІуам тету, лІым и пхъур щІалэм щхьэгъуэсэу иритри, иутІыпщыжащ. Зыкъом дэкІаІуэ, адэр пхъум деж лъагъунІъагъу къэкІуащ. Щ І а л э р щ І ы п І э жыжьэ гуэрым щыІаІуэ и жейр иригъэкъуж хъунти, пхъум лІыр къиригъэушыну тегушхуакъым:

- Къеблагъэ, ди адэ, сытым укъитхуихьа? ЛІыр мэжей, куэд дэмыкІыу къыззщынущ, апщІондэху дыщ хъыбар сыкъегъэдаІуэ, - жиІащ.

Зэадэзэпхър зэпсалъэу щысыху, щІалэр къуэшащ, гуапэу лІым І ушІащ.

- Фыпларэ фыпсэурэ, фызэгурыІурэ фызэщыхьэгъурэ къэсщІэну сыкъэкІуати, лІыгъэ уиІэщ, щІыхубзыр бгъэдэІуащ, гъащІэ кІыхь ухьу, - жиІэри, гуфІэу дэкІыжащ.

ФІэлІыкІ къззымыгъэщІ шынэ кІыхь щыІэкъым. ФІэлІыкІ здэщыІэм, зэгурыІуэ щыІэщ, зэгурыІуэ здэщыІэм, лъагъуныгъи щыІэщ. ЛІыр щхьэ хъунущ, фызым жьауэ зищІыфрмэ.

● Щхьэц къедзэкІ

Адыгэ лъэпкъ щІэныгъэм щыщщ

НЫСАШЭР иджыри къэмысауэ, ауэ нысашэ пежьэхэр дэкІаІуэ къэту хуэдэзбзым зэрыдашыну щыгъынхэр щитІагъэрт. Хьэдэзбзым и ныбжьэгъуэхр къакІыуэ яхуэпэныр, ягъэдахэныр хабзэу щыІащ.

Хьэдэзбзым я пщащыкІэ данэ псыпсу кьепхъух дахэ хуащІырт, абы и щІыІужым гуэлмэдын къытралъхьэжырт. Гуэлмэдыныр къытрапІапэртэкъым. Данэр и нэгум кърапхъуэрт, гуэлмэдынри щимэ тІуащІэу зэтрахырти, пщэм къыдадзэрт, дзэышынчэр кьэсмэ, натІэр щІихъуМэу хъыджэбзым къытрапхъуэн хуэдэу.

Хьэдэзбзым зэрыдашынум хуагъэхьэзыр пщащым и щхьэцыр яухуэну щытащ. Ипэхэм щхьэц пІІакІыгъэхэр зэрахьэрт, Іуву, кІыхьу, дахэу. Езы хъыджэбзхэри зэкІэлъыкІыуэт, дахэт. Хьэдэжьэбзыр дэсхьу и щхьэцыр тІуУэ иухуэну щытащ. Ауэ ар дашыну къыдыкІуэ махуэм и щхьэцыр зыуэ зэхаухуэнэжырт.

Хьэдэжьэбзым и щхьэцыр яухуэна нэужь, адэ шыпхъум къеджэрти, унэм ирашэрт. Абыи хъыджэбзхэм сэлам ярихырти, дашыну нэрыбгэ цІыкІум бгъэдыхьэрт, дахэ Іэбэри, бэлтокур къищтащ, ауэ къыщІэкІыжакъым - хьэдэм бгъэдэтІысхьэри, бадзэ хуеуэу щІидзащ.

Апхуэдэ защІэуРэ жаныр унэм къыщІэмыкІыжу илъэсиблкІэ хьэдэм бгъэдэсащ, ихьуМэу.

Зы махуэ гуэрым, тІэкІу зиГъэпсэхуну къэтэджауэ, щхьэгъубжэмкІэ къыщыдэплъым, шууиблым унэІут хъыджэбз гуэр яхуу илъэгъуащ. Жаныр шухэм якІэлъыдджэри, еупщІащ:

- Мы хъыджэбзыр дэнэ фшэрэ?

- Пщым худошэ, - жаІащ шухэм.

Жаныи и Іуэхур зыІутыр шухэм яжриІэри, елъэІуащ хъыджэбзыр дэІэпыкъуэгъуу къратыну. Шухэми жаныи унэІут хъыджэбзыр къратащ. Абы бадзэ трихуну унафэ хуищІри, жаныи зигъэпсэхуну зигъэкІуриящ. Хъыджэбзыр хьэдэм щхьэщысу бадзэ здеуэм, имыщІэу бэлтоку кІапэмкІэ и нэкІум лъэІэсащ. Хьэдэу щылъ щІалэм и нэхэр къызэтрихри, къызэфІэтІысхьащ:

- Куэдрэ сыжея, куэдрэ сыщылъа? - жиІэри.

Зи нэхэр къызэтезыха щІалэм унэІут хъыджэбзыр хьэщыкъу хуэхъуати, пцІы иупсащ:

- Сэ пщым срипхъущ, мо жейр си унэІутращ. ИльэсибЛ лъандэрэ уи хьэдащхьэм бадзэ сеуэу сыщхьэщысщ, - жиІащ.

И хьэдащхьэм щымымэхъашэу зэрыщхьэщысар и щхьэусыгъуэу унэІут хъыджэбзыр щІалэм щхьэгъуэсэу къишащ, пщым и пхъур я унэІут хъуащ.

Зы махуэ гуэрым щІалэр зекІуэ кІэну зигъэхьэзыращ.

- Сыт къыпхуэсхьын, сыт къыпхуэсшэн? - жиІэу и фызым щеупщІым, хъугъуэфІыгъуэ, налкъутналмэс къыхуишэну елъэІуащ.

- Уэ сыт къыпхуэсхьын? - еупщІащ щІалэр пщым и пхъум.

- «Дэхуэхурэ-хуранджырэ» гуащэгъаплъэр къысхуэхь, ар къуымыхьу укъэкІуэжмэ, мывэ уэшхымрэ мывэ уэсымрэ Тхьэм уэкъыпхимыГъэкІыж, - пидзащ абы хъыджэбзым.

Щ І а л э р з е к І у э е ж ь а щ, к ъ ы щ ы щ І у э ж ы н у м д у н е й х ъ у г ъ у ф І ы г ъ у э р к ъ и щ э х у р, к ъ е ж ь э ж а щ, п щ ы м и п х ъ у р к ъ ы з э р е л ъ э І у а р щ ы г ъ у п щ э к р и. К ъ ы з д э к І у ж ь м, м ы в э у э ш х ы м р э м ы в э у э с ы м р э Т х ь э м у к ъ ы п х и м ы г ъ э к І ы ж, - п и д з а щ а б ы х ъ ы д ж э б з ы м.

Щ І а л э р з е к І у э е ж ь а щ, к ъ ы щ ы щ І у э ж ы н у м д у н е й х ъ у г ъ у ф І ы г ъ у э р к ъ и щ э х у р и, к ъ е ж ь э ж а щ, п щ ы м и п х ъ у р к ъ ы з э р е л ъ э І у а р щ ы г ъ у п щ э к р и. К ъ ы з д э к І у ж ь м, м ы в э у э ш х ы м р э м ы в э у э с ы м р э Т х ь э м у к ъ ы п х и м ы к І ы ф у и г ъ э з э ж а щ. Х ъ ы д ж э б з ы м и л ъ э І у р з р и м ы г ъ э з э ж а щ І а р и г у к ъ э к І у а т І, а б ы ж ы х у и І а р к ъ и щ э х у н у м у р а д и щ І а щ. Л ъ а п І э д ы д э у к ъ ы щ ы щ І э к І ы м к ъ и щ э х у а к ъ ы м.

Къежьэжауэ къэкІуэжу аргуэру мывэ уэшхымрэ уэсымрэ къыпхыкІыфакъым. Сыт ищІэнт, игъэзэжри, къищэхуащ. Къэсыжри, щхьэж къахуихьар яритащ. Щ І а л э м м у р а д и щ І а щ х ъ ы д ж э б з ы м и щ І ы м к І э л ъ І п л ъ ы н у и к І и, з ы щ ы х ь э щ х ъ г у э р ы м, п к І э у н э м и т І ы с х ь э р и, к І э щ І э д з І ы х ь у щ І и д з а щ.

Хъыджэбзым дэхуэхурэ-хуранджырэ игъэуваУэ йоупщІ:

- Сэ пщым срипхъу закъуэкъэ?

- АтІэ мыгъуэ, атІэ гущэ, - жаІэрэ дэхуэхурэ-хуранджырэ зэролъэлъ.

- МэракІуэхьэ сыкърашажьэри, сафІэкІуэдакъэ?

- АтІэ мыгъуэ, атІэ гущэ, - жаІэ дэхуэхурэ-хуранджырэ.

- БэлътокуткІэ бадзэ щхьэщысхуу мы щІалэм илъэсиблкІэ сыбгъэдэсатэкъэ? - мэгънанэ жаныр.

- АтІэ мыгъуэ, атІэ гущэ, - зэщІожьыуэ дэхуэхурэ-хуранджырэ.

- ПщылпІэм къисца мы хъыджэбзыр пцІыкІэ си пІэм иуватэкъэ? - къргъэгъых хъыджэбзым.

- АтІэ мыгъуэ, атІэ гущэ, - зэпыужьыхэркъым дэхуэхурэ-хуранджырэ.

Жаным и Іуэху къызэрекІуэкІа псом и щыхьэт хъуащ дэхуэхурэ-хуранджырэ.

Щ І а л э р п к І э н у н э м к ъ е х ы ж р и, ж а н ы м и щ х ь э т х ъ у а щ щ І а л э р к ъ и р и к І у р п с о р и г ъ э І у э т ж а щ. Г ы в р з э щ І и щ І э р и, щхьэ дыжь ищэжащ. ИужькІэ, хабзэм тету, лІыхъу кІэлъыгъакІуэри, щхьэгъуэсу къишащ. Уэлъ ыгъджэб пцІы зэхэзылъхьар шы мыгъаесэм кІэрищІэри, иутІыпщащ, езыхэр зэрылъагъурэ зэдзэлуэжу псэу хъущ.

Араш-тІэ, пцІым лъакъуэ щІэтхъым, насыпым Іыхьэгъу зыхуэхъуари кьегъуэтыж.

● Къебжэкіхэр

ШкІащІэ

Ди шкІащІэ цІыкІур фэкъущ,
Ар ди шкІэ фэкъути натІэхущ,
Абы и натІэхэр гъуджэщ,
Езыр псы Іуфэм щохъуакІуэ,
Псы тІэкІу ефэнуи щогъупщэ,
Ар пщыхьэщхьэпэу къэкІуэж,
Ар ди бжэІупэ къыІуовэ,
Гъавэурэ зреІунтІыхь,
ЩІыхьэм къоплъ,
ЩІэкІыжым къыхудоплъей:
Ди натІэхур псы хуолъ,
КъыдэлъэІуни мэукІытэ,
- А дежьэкъ цІыкІу,
Хъыджэбз цІыкІу нэхъей, укІытэх,
Ди бжэр къыІухи къыщІыхьэ,
Псы къэхьа диІэщи, ефэ!

Нау-нау, си КІущэ

Нау-нау, си КІущэ,
КІущэ и къуэр зы набдзэщ,
Чэу нэпкъыр и гъуэгущ,
Игу цІыкІур ІэфІылъэщ,
И лъэ цІыкІур мажьэщ,
Бэрэжьеижьыр и жьауэщ,
Жыг жьауэ щІэмыхьэ, знунагъуэрэ,
Хьэщ І э къакІуэкІэ мытэдж,
Мытэджыжьыхэр и КІущэщ,
знунагъуэрэ.
КІущэ, КІущэ,
ЕкІуэщэхи псы ефэ,
Дзыгъуэшхуэр гуоуэ къэубыд,
Дзыгъуэ цІыкІур кІийуэ къэкъуэ.

Къанжэ къебжэкІ

Жыр-жыр, кІыр-кІыр,
Къанжэ, къанжэ,
Уи кІакІэр кІыхьщ,
Уи кІэр нэхъ кІыхьыжщ,
Жыжьэ уолъатэ,
Куэдым ужьхэхолъатэ,
Жьуджалэу къыбольэтыхь,
УкІакІэу уолъэтэж.
Уэ уи ныбэ,
Сэ си ныбэ,
Хьэбабэ и гуэн,
Багъырсей и гупсэ,
ЦІыкІупсэ лъэгубгъуэ,
Ныбгъуэ жьауэ кІэлъэф,
Уафэр сотх,
Шытхыр согъагъ,
ГъагъкІэ сашэ,
Я пкІэм сытрагъэтІысхьэ.
Ныш схуаукІ,
Ныс щІэращІэхэм
сыхагъэтІысхьэ,
Хьэщ І э ш х у э х э р с х у э б л о к І,
Ихьэ-икІым соплъри,
Лъапэрисэ сщІыуэ сыкъокІуэж.

Пщэ пщІанэжь

Ди джэдыжьыр пщэ пщІанэщ,
Джэдыкъ пщІанэ къекІэщІ,
Пщэ пщІанэжь мэгъуалъхьэ,
Джэджьей мин къреш,
Я нэхъ инри танэщ,
Танэ мэхъури йожажьэ,
Я нэхъ цІыкІури бзу жунэщ,
Жунэ мэхъури мэлъатэ,
Джэдкъуртыжьыр мэпыхьэ,
КІуэи тхьэмыщкІэм дэлъыхъуэ.

Бажэ цІыкІу

Мэлыхъуэ гуп Къущхьэхъум щыІэу ныш яГъавэу мафІэм пэрыт. Таурыхъ жаІэурэ щхьэж и лъэныкъуэкІэ нуКІуриикІри, псори жеящ. Бажэ цІыкІу гуэр къыІухьэри, псори жейуэ щилъагъум, кІапэр къыхиухьуэтри къригъэжьащ:

Уэри ухъэ,
Сэри сыхъэ,
Дыщэ хъыкІэ,
Дыщэ кІэн,
Бадзэ,
Дзищэ,
Хьэкусэ,
Хьэсанэ,
КІапэ зэразу-зутІ,
КІапэ ныбэ цІыкІу,
КІапэ кусэр
Нус и Іыхьэщ,
КІапэ лейр сэ си Іыхьэщ.

Дзыгъуэгъеи

ЯтІэкъуэ дзыгъуэмрэ
Гуэн дзыгъуэ цІыкІуэмрэ зэрощІэ,
Дэ гъэ мэшыр дощІэри,
Уардэ унэжьхэр хащІыхь,
Жэщыпсыр къыдохьри,
Лъэрыжэ защІэкІэ къыохьэ,
Фэнжейм эдохьэри,
Хьэщхьэ ихуэну пхашхыкІ,
Дэ ди нэдыжьым
Кхъужь дыдж нэхъейуэ,
къолъэлъэх,
Дагъэгупсэри,
Дзыгъуэ басымэр доухуэ,
Дэ дыззрыхуейуэрэ
Я щхьэпхэтІыгум щолъащэ,
Нэхур къымыщурэ
ЩІэмрэ пщІеймрэ тхуеукІ.

ЩІалэм и хьэдэр илъэсиблкІэ зыхъума жан

(Таурыхъ)

ПЩЫ гуэр щыІэт. Абы зыпхъу закъуэ иІэт. Жаным цІыху трамыгъапльэу, дзыхьыпІэ зыми хуамыщІу, къэкъущыкъу къутэным хуэдэу хуэсакъыу яхъумэрт. ЗэраІуэтэжьмкІэ, хьыджэбзыр алэрыбгъум кІуэцІыту, цІыхум ирамыгъэлъагъун щхьэкІэ, хадзэм яшэрт, алэрыбгър кьешэкІауи унэм къашэжьрт.

Апхуэдэу, зы махуэ гуэрым, жаныр хадзэм зыпІэыхьакІуэ яшауэ, тхьэрыкъуэ цІыкІуищ къэпльатэри, жаІащ:

- ЕІ, пщым и пхъужь цІыкІу, апхуэдизу зумыщІ, илъэсиблкІэ хъумэн хьэдэ уиІэщ уэ.

Тхьэрыкъуэ цІыкІуэр къэпльатэурэ апхуэдэу мызэ-мытІэу къыжраІа щхьэкІэ, ар жаным и тхьэкІумэ иригъэхьакъым.

Ауэрэ екІуэкІыурэ, хьэблэ хьыджэбз цІыкІуэр мэракІуэхьэ кІуэн хуей хуэщІ. КъакІуэри, пщым къелъэІуащ, ди гъусэу нэгъакІуэ, зэ дыхуэсакъынщ, дыкІэлъэплъынщ, жаІэри. Езы жанри хъуапсэрт, дунейм техьэну хуейти, лъэІуащ, сыгъакІуэ, жеІэри. Пщыр арэзы хъури, и пхъур иутІыпщащ.

Жьыхуаіа пІалъэр къэсри, хьыджэбзхэр мэракІуэхьэ дэкІащ. КІуэурэ мэзышхуэ гуэрым нэсащ. МэракІуэр куэдт, къащыпурэ шэджагъуэм нэсауэ, жьапщэ ин къыкъуэуащ. Жаным и щхьэр къыщиІэт дыдэм данэ бэлътокъу гуэр и нэкІум къыІуихьащ. Ар къиубыдын и гугъэу пщащэр кІэлъыпхъуэм-кІэлъыжуэрэ мэзым и кум ит хуеишхуэм хьихьащ. Абы унэшхуэ итт. Бжэм и дамэдаздэмкІэ бэлътокур дэкІри, унэм щІихьащ. Жанри абы иужь иту щІихьащ. Тхьэрыкъуэ цІыкІуищым зэрыжаІам хуэдэу, унэку дыдэм хуэзззу зы хьэдэ илт. Хъыджэбзыр Іэбэри, бэлътокур къищтащ, ауэ къыщІэкІыжакъым - хьэдэм бгъэдэтІысхьэри, бадзэ хуеуэу щІидзащ.

Апхуэдэ защІэуРэ жаныр унэм къыщІэмыкІыжу илъэсиблкІэ хьэдэм бгъэдэсащ, ихьуМэу.

Зы махуэ гуэрым, тІэкІу зиГъэпсэхуну къэтэджауэ, щхьэгъубжэмкІэ къыщыдэплъым, шууиблым унэІут хъыджэбз гуэр яхуу илъэгъуащ. Жаныр шухэм якІэлъыдджэри, еупщІащ:

- Мы хъыджэбзыр дэнэ фшэрэ?

- Пщым худошэ, - жаІащ шухэм.

Жаным и Іуэхур зыІутыр шухэм яжриІэри, елъэІуащ хъыджэбзыр дэІэпыкъуэгъуу къратыну. Шухэми жаныи унэІут хъыджэбзыр къратащ. Абы бадзэ трихуну унафэ хуищІри, жаным зигъэпсэхуну зигъэкІуриящ. Хъыджэбзыр хьэдэм щхьэщысу бадзэ здеуэм, имыщІэу бэлътоку кІапэмкІэ и нэкІум лъэІэсащ. Хьэдэу щылъ щІалэм и нэхэр къызэтрихри, къызэфІэтІысхьащ:

- Куэдрэ сыжея, куэдрэ сыщылъа? - жиІэри.

Зи нэхэр къызэтезыха щІалэм унэІут хъыджэбзыр хьэщыкъу хуэхъуати, пцІы иупсащ:

- Сэ пщым срипхъущ, мо жейр си унэІутращ. ИльэсибЛ лъандэрэ уи хьэдащхьэм бадзэ сеуэу сыщхьэщысщ, - жиІащ.

И хьэдащхьэм щымымэхъашэу зэрыщхьэщысар и щхьэусыгъуэу унэІут хъыджэбзыр щІалэм щхьэгъуэсэу къишащ, пщым и пхъур я унэІут хъуащ.

Зы махуэ гуэрым щІалэр зекІуэ кІэну зигъэхьэзыращ.

- Сыт къыпхуэсхьын, сыт къыпхуэсшэн? - жиІэу и фызым щеупщІым, хъугъуэфІыгъуэ, налкъутналмэс къыхуишэну елъэІуащ.

- Уэ сыт къыпхуэсхьын? - еупщІащ щІалэр пщым и пхъум.

- «Дэхуэхурэ-хуранджырэ» гуащэгъаплъэр къысхуэхь, ар къуымыхьу укъэкІуэжмэ, мывэ уэшхымрэ мывэ уэсымрэ Тхьэм уэкъыпхимыГъэкІыж, - пидзащ абы хъыджэбзым.

Щ І а л э р з е к І у э е ж ь а щ, к ъ ы щ ы щ І у э ж ы н у м д у н е й х ъ у г ъ у ф І ы г ъ у э р к ъ и щ э х у р, к ъ е ж ь э ж а щ, п щ ы м и п х ъ у р к ъ ы з э р е л ъ э І у а р щ ы г ъ у п щ э к р и. К ъ ы з д э к І у ж ь м, м ы в э у э ш х ы м р э м ы в э у э с ы м р э Т х ь э м у к ъ ы п х и м ы г ъ э к І ы ж, - п и д з а щ а б ы х ъ ы д ж э б з ы м.

Щ І а л э р з е к І у э е ж ь а щ, к ъ ы щ ы щ І у э ж ы н у м д у н е й х ъ у г ъ у ф І ы г ъ у э р к ъ и щ э х у р и

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ**

● Фи лъэІукІэ

Иджыблагъэ редакцэм къэпсэльащ «Адыгэ псалъэм» куэд щІауэ и щІэджыкІакІуэ, Нарткъалэ щыщ Тохъу Мухьэмэд. Нэхъыжьыфым зыкъытхуигъазэрт ПащІэ Ахьмэд игъэзащІэ «Анэ» уэрэдым и псалъэхэмрэ и хъыбарымрэ газетым къытеддзэну. «УэрэдыфІыр зэи жьы хъурхъым, купщІэ хэлъэ псалъэхэмрэ макъамэмрэ зэщІэжьыуэмэ, ар гум псэхугъуэ езытщ. ГъащІэ зиІэхэм ящыщщ «Анэ» уэрэдыр. Адыгэхэм я гуфІэгъуэ Іэнэхэм сытым дежи щыІурт цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуа уэрэдхэр. Апхуэдэу зэныбжьэгъухэр дыщызэхьхьэ гуфІэгъуэ зэхуэсхэм мы уэрэдри щыжьітІэну дыхуейт», - жиІащ Мухьэмэд.

«АНЭ»

Ди лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэм ящыщщ зи кІалэмыпэм уэрэд дахэ куэд къыщІэкІа, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, макъамэтх, уэрэдыс Щомахуэ Хьэсэнбий. Абы зэрыжиІэмкІэ, дэтхэнэ и Іэдакъэщіэкіми лъабжьэ хуэхъуар гъащІэм зыщІрихьэлІа Іуэхугъуэщ. Арагъэнщ ахэр цІыхухэм ягу щІыдыхьэри.

- Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям, сэ ныбэ сильт. Си нэгу щІэкІащ зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъуэм си анэм и бынхэр мэжэщІалагъэм дыкъригъэлып папщІэ и фэм дэкІар. Ауэ гугъуехьым къызэфІимыгъащІэу хуэзфІэкІащ лъэ быдэкІэ гъащІэм дыхигъэувэн. Си анэм и закъуэкъым апхуэдэ бэлыхьыр зыгъэвар. Зауэ угъурсыным цІыхубз куэд фызабэ Іэнатіэ хьэлъэм Іуигъэуват. Мис абыхэм ятеузхуащ «Анэ» уэрэдыр, - къыджиащ Щомахуэм, абы и хьыбар къэтщІэну зыщыхуэдгъаэзм.

Уэрэдыр ПащІэ Ахьмэдщ ящэу зыгъэзэщІар.

ХЬЭПЦІЭ Аннэ.

* * *

Щыіэщ псалъэ гуапэ, псалъэ псом я лей -
Уафэм, щыІэм, гъатхэм я дуней.
Щыіэщ гурыфІыгъуэ, лъагъуныгъэм и псэ -
Анэ – псэуныгъэр зи пщэдей.

Ежьу:

Анэ, ди гущаІэм уэ уепщІыхь зэпытщ,
Анэ, ди щхьэр тхъуами, дыбгъэфІэну пфІэфІщ.
Хэт щыІэн фэр нэхърэ нэхъ гумащІэ,
Псэ хьэлэл зыхъэлъ, нэхъ гъащІэ мащІэ?

Дапщэ фыхъурэ нысащІэ щхьэтепхъуэр
Пасэу зауэ кІуам зытрихар,
Нобэм къэскІэ бынхэм яхуэпэжу,
Щхьэгъусэншэу зи дунейр зыхьар?

Ежьу.

Гъатхэм къегъащІ удэхэр, дыгъэм псэ къахелъхьэ,
Гум мыпсэхуу лъагъуэ гум хуелъыхьу,
Уафэм щІыр ехьумэ, хъугъэщІагъэм хоплъэр,
Анэр псэ зыІутхэм ухахуоплъыр.

Ежьу.

Сыт щыІэн мы гъащІэм хуэвмыщІау фэ тыгъэ,
Сыт иІэн мы гъащІэм фэр нэхъ Іэфі!
Фыпсэуху эхьэлэу фэ дэ дывоущийри,
Быным фи псэр тыгъэ тхувощІыхь.

Ежьу.

● Псэлъафэр къызэрежьар

Мо нартыхур къызэрыфэ...

ЛІыжьыр щІалэхэм яхэсу бжьыхь джабэм здыкІэрысым, плъэри зы шу къакІуэу кьилъэгъуащ. ЛІыр зытес шыр лъэрытемыту къафэрт. ЛІыжьым ар щилъагъум, жиІащ:

- Мо нартыхур къызэрыфэ...

ЩІалэхэр плъэри нартыху ялъэгъуакъым, а шы дэгъуэр къызэрыфэми гу лъатакъым.

- Дадэр хэпсэльыхь хъуащ, тхьэмыщкІэ, - жиІэри зым адрейм жриІащ, и жагъуэ хъууэ.

ЛІыжьым ар зэхихри:

- Уэращ, къэм хуэдэ, хэпсэльыхьыр. Мо къафэу къакІуэ шыр кхъэзыгъафэр нартыхущ, - жиІащ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым и къурш лъапэхэм.

● ЖыІэгъуэхэр

Акъыл зиІэм зытумышащІэ

♦ Сэр нэхъ делэ къысхуэмыізэмэ, хэти сыщышынэркъым.

♦ Мылъку зэхуэлъэфэсыным цІыхухэри цІыхугъэри фІигъэкІуэдат.

♦ Бэджым и хъым уимыхуэн щхьэкІэ уи ялъэкІэ плъэурэ зекІуэ.

♦ Уи щхьэм къэмысауэ мафІэм исри псыр зыщІэуарт зыхэпщІэнукъым.

♦ Зи ныбэ нэщІым зеуплІэнщІри, зи ныбэ изым зешэщІ.

♦ Къару сиІэщ жыпІэу акъыл зиІэм зытумышащІэ.

♦ Псым урихьэжьа нэужькІэ, есыкІэ пхуэзгъэщІэжьнукъым.

♦ ЛІъагъуныгъэ пэжкІэ зэпымыщІауэ къэхъуа унагъэр зэи тэмэм хъунукъым.

♦ Насыпыр лэгъупыкъур зэрызэхэлъ плъыфэхэм нэхърэ нэхъыбэжу зэхэлъщ.

♦ Емыджэф еджакІуэм егъэджакІуэм хущІетхъуэ.

♦ Жьэм хужьмыІэр хуыбжезыІэфынур нэхэращ.

♦ Узыхуэныкъуэр къэлъыхьхуэну емыкІу хэлъкъым.

♦ Дахагъэ псори Іэпкълъэпкъым хэлъщ, гуапагъэр зыхэлъыр псэрщ.

♦ Зимыуэху зезыхуэр зэи Іуэхуншэ хъуркъым.

♦ «Акъыл бэлыхь симыІэми, къару ин сиІэщ», - жиІэу гуфІэрт щІалэжь гуэр.

♦ Мылъку зи куэдыр абы и зэгъэзэхуэным куэд.

♦ Адэ-анэм емыдаІуэм гуІэу гъащІэр ехь.

♦ Гуащэр щытепщэм пщыр щеудыхащ.

КІУРАШЫН Алий.

● Лъэпкъшхыныгъуэхэр

Халъхьэхэр: нартыху хужь хьэжьыгъэу - г 400, тхъуугъ - г 100, псыуэ - г 150-рэ, фошыгъуу - г 150-рэ

Нартыху хьэлыуэ

Шыуанкіэ тхъу къагъэллъ, абы, бэлагъкІэ зэІащІэуэрэ, нартыху хьэжьыгъэ уху ящІэ хакІутэ, мафІэ щабэм тету дакъикъэ 28 - 30-кІэ ягъажьэ. Шыуанар пэшхьэкум кърагъэувэжри, фошыгъупс пщтыр хакІэ, фІыуэ зэхэзэрыхьыху мыуВыІуэ япщ.

Хьэпыуэ пща пщтырыр тхъу зыщыхуа Іэнэм тралъхьэри, Іэкіэ яубэ зэпэплІимэу е хъурейуэ. Мыдиипэ щыкІэ сэ жан пІащІэкІэ ІупщІэуэрэ зэпаупщІ. Къана упщІэтахуэхэр Іэшкіэ цІыкІу ящІ.

Шху

Шэр кІэримыхьэн щхьэкІэ, шыуаным псы щІыІэ ирагъэжьых, итІанэ шэр ираКІэри, пэшхьэкум трагъэувэ, мафІэ цІыкІу дыдэм тету, и щхьэр техауэ дакъикъэ 25 - 30-кІэ ягъэпщт. Къытрахыж, и хуабагъыр градус 45-м нэсыху ягъэупщІыІу, абы шэ хуабэ тІэкІу зыхэт шхупщІатэ хакІэри, фІыуэ зэІащІэж. Шэм и щхьэр трапІэ, зэщІауфэри, хуабапІэм деж сихьэтитКІэ щагъэт.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Гугъэ

Зыгурыіуи зыщІэдэІуи щымыІэ гур темыпыІэу зы хъуэпсапІэ гуэрым хуопабгъэ, щІобэн, щІоззу. Махуэл димыхыу лъэужь мыцІыхуэкэм ирокІуэ, зы лъэмбым ипкІым, адрейм къыщыхутэурэ. ШыІэныгъи бэшэчагъ гуэри зыхэмылъыж, лъэпощхьэпокІэ гъэнщІа гъэгуанэ гугъуэр къызэренэкІ. Къэзыгъэдзыхэ къыхэкІми, къарууэ иІэр зэрегъэуІури, япоув, яполъэщ, и щІыб къыденэ. Ёзыр макІуэ, ежьужьымрэ къъуэбанэмрэ къыззэрафыщІри къримыдзэу. МакІуэ, кьеплъэкІ имыщІэу, щІежьам хуэпэжу.

Дэнэ нихьэсыну пІэрэ апхуэдизэ гугъуехьым ткІыбжь дэхъуа гу ныкъуэкъуэхым? Дапщэщу пІэрэ и хъуэпсапІэр ІэщІэхуу и лъэр щыщІэхунур? Хьэуэ, щІэхункъым и лъэр, и хъуэпсапІэри ищІынкъым Іэщ!ыб. Сыту жыпІэмэ, гугъэм и къуэпсхэр быдэу зыхэжьыхьа гур куэдым полъэщ, зызрипщытри нэхъыбэжщ. ЖыжьаллъэщІ ар, мэгугъэ, мэпабгъэ, мэхъуапсэ. Быдэуи и фІэщ мэхъу малъхъэдисым хуэдэу зыщІэзышэн гу зэгуэр зэрыущІэнур. ЗыщІишэу зэригъэфІэнур, Іэфіагъкіэ зэрипсихьыныр, хэщІыныгъэу игъэта псомкІи зэуэ къызэретэжынур. Аращ, гугъэрщ гум псэ къыІузыгъэкІэжри, и щІэлъэныкъуэр гуэгъу къыхуэзыщІыжри, цІыхур дунейм щІытетыжыр къызыхэтэджыкІ гупсысэ зэщІахэм купщІэрэ купкърэ яхуэхъужри.

ЖАМБЭЧ Рабия.

ХьэгъуэлІыгъуэ

Іуэтэж

Дзэм сыкъэикІыжри, махуэ зытІущкІэ ди адэ-анэм сабгъэдэса нэужь, сэлэт фащэр зыщысхри, къалэм сыкІуат. ИлъэситІ хъуауэ си нэр къызыхуикІ Марят деж. СыпІащІэрт, сызэрыс машинэр зыщІыжь жьажьэу сыщысщхьурт. Ауэ сызэрынэсу сыкъэупщІыІуащ:

- Марят дэнэ къыщыдгъэутыну?

- Маряти? - жиІащ бжэр къыІузыха хъыджэбз нэ къуэным. - Марят лІы дэкІуащ, мыбы щыпсэужьыркъым.

Щхьэл мывэжьу си щхьэр зыкъомрэ кІэрахъуэри, и пІэ иувэжащ.

- Къэсхуэгъэгъу...

- Пэжалыстэ.

Автобус къэувыІэпІэм сыкъэсыжауэ си ныбжьэгъу Сэрэждин сыІущІащ. Сэлам зэтхщ, дызэщІэупщІэри, гу къысльитагъэнти, си лажьэмкІэ сыщыхигъэзыхьым, псори жесІащ. Ауэрэ къуажэм дынэсыжри, Сэрэждин си Іэблэр иубыдащ.

- Накіуэ сэ уздэсшэм.

Сэ абы зыри пэзмыдзыжу сежьащ. КъысфІэІуэху щыІэтэкъым.

Си гуауэр къыздигуэш щІыкІэу, дунейр уфат, къепсэпсауэрт. Гъэгу сабэр къэуцІынати, си туфльэр сщичыну къеныкъуэкъуу ятІэ бдзантхъэм зыкъыкІэрищІэрт. Абы ищІыужкІэ, плащыр схуэкІэщІти, уэшхыпс тежьр зыщІифауэ гъэнэшэдж лъапэр псыфт. «Емынэм сыхуиугъэат мы Сэрэждин», - сигукІэ сохъущІэ. Апщондэжи ятІэр нэхъ Іейуэ зэзэпщІыжурэ лъапэм къыфІэкІри, плащым къэсащ.

Уэрамыр цІыхуншт. Зырыз блэкІэри, хуэм защІырти, къыдэплъхэрт, «Яраби, мы щІалэхэр, тІы губжьауэ, я щхьэхэр щІэгуауэ здахур дэнэу пІэрэ?» - жыхуаІэу.

Сэ сыундэрэбжьати, уэшхи ятІэ бдзантхъэри зыхэсщІэртэкъм. ЖкІыжьу къэІу пшынальэр си тхьэкІымэм къопыджэ. Іэгуауэ щІэтыр автоматышэу къыстрагъэлъалъэу къысщохъури, си лъэбакъуэм хызогъахъуэ. Марят и дихьэшыкІэр кинокадрым хуэдэу си нэгум къыщысфІыщІэувэкІэ, слъэмыкІыу и цІэр къызжьэдолъэт. Си жьэм жиІар зэрызэхэсхыжу, си гур къратхъуэм хуэдэу, къыхоузыкІри, си пІэм симыкІыфу ятІэ бдзантхъэм сыхоуджьхьэ.

- Зыр лІэмэ, адрейм зилІэкрэ? - сигу дахэ ещІ Сэрэждин.

- ЛІам пэлъэт. Си дежкІэ лІащ.

- ФІыуэ укъилъагъутэмэ, укъигъанэу дэкІуэнтэкъым.

«Вы лІам сэ хеІу», - сыхуэзгуоп Сэрэждин. Си гур зысыр зыхимышІэу, абы аргуэру пещэ:

- Тхьэр пхуэзгъэпцІащ, хъыджэбзыжь цІыкІу щхьэкІэ си пэр пылэлу цІыхум закъезгъэлъагъум!

- Хуэмызар лІыфІщ, - сыкъыщетхъ зысхуэмышыІэжу.

- Хъунщ, укъэмыцыдж, гуэгушыхъум хуэдэу.

- ЛІыр здашэм щІэупщІэркъым.

«Ахьей, уэ батэр богъэш», - жызоІэ сигукІэ, абы ней-нейуэ сеплъурэ.

Дэ уэрам зэв гуэркІэ едгъэзыхащ. Ялпэ иту кІуэ си ныбжьэгъум зыкъырегъэзэкІри, щІоупщІэ:

- Уздэсшэр пщІэркъэ-тІэ?

- СыщепшэжьакІэ, дэни сышэ, ухуеймэ - Тыркум, - сыкъыщІопсэлъыкІ си щхьэр къэзмыІэту.

- Си ныбжьэгъу Нэиб и къуэш нэхъыжьым къишащ. Уэри уоцІыху. Футболым дыкъыщИкІыжьым къыдбгъэдыхьа щІалэ лъахъшэ Іувырщ.

- Хьэсэни?

- НтІэ, - къызэмыплъэкІыу жэуап къетыж Сэрэждин.

- Сэ сыту хъыбар симыгъэщІарэ? - согъэщІагъуэ.

- Уэлэхьи, сымыщІэ. Ныщхьэбэ и хьэгъуэлІыгъуэщ. Аращ уздэсшэри, - жеІэ Сэрэждин пыгуфІыкІыу.

«Сыщыхуэзам Хьэсэн сыту зыри къызжимыІарэ? МазихкІэ дызэгъусэу дзэм къулыкъу щытщІати... Аддэ хэкум дыщызэхуэзэжмэ, зы бжьэ дызэдефэну быдзу жыпІати...»

ДыздэкІуам Хьэсэн дэмысу къыщІэкІащ. Ауэ дыкъыдамыгъэкІыжу унэмкІэ дыщІашащ. Пэшым щІэтыр щІалэгъуалэт.

Си дамэм къытеІэбам сыкъигъэскІащ.

- Къьафэт, щІалэ, дыщІэгъэплъыт уи лъэгу.

Къэфэн си мыжагъуэми, ныщхьэбэкІэ сыкъэфэфынутэкъым. Зыкъысхуэзыгъэза щІалэ тхъуэплъым ар зэрыгурызгъэІуэнум сегупсысу, Сэрэждин нэкІэ къэсПъыхъуэу щІэздзащ.

Ауэ си нэр зытехуар... Хьэщхэбз гупым хэту пІланэпэм дэт нысащІэ... Марятт. Бэлыхь псом къыщІэкІащ. Си ныбжьэгъу Марят, си ялпэ лъагъунигъэрт.

Си лъэр схуэмыуфыдыжу бжэмкІэ зызздзащ. Си нэм зыри илъагъужьыртэкъым. Си щхьэр пщІантІэм къыдэсхри, уэрам ятІэр пхырыскъутыкІыу сежьэжащ.

Си губгъэн зыпІысар Марят и закъуэтэкъым. Иджы Хьэсэни щІыгъут. ЖэщкІэ дымыжейуэ ди гъуэлъпІэхэр зэтхулІэурэ мащІэрэ зэхуэтІуэтат ди гурылъхэр. ФІыуэ тлъагъу хъыджэбзхэм, дыкІуэжмэ дгъэхьэнухэм я гугъу тщІырт. Марят и гугъу дапшэрэ хуэсщІат! И сурэт нысхуоригъэхьари езгъэльэгъуат. Письмо нысхуитхахэми Хьэсэн къезгъаджэрт. Ар къыщыкІуэжьм си илъэсрэ ныкъуэрэ сиІэт. Марят и хэщІапІэр Хьэсэн езытари сэрат, сэлам схуриихыжьыну селъэІуат...

Пшынальэ макъыр си тхьэкІымэм иКІыркъым, си ужьым иту къакІуэ сфІощІ. Сэри апщІондэку си пъэбакъуэм хызогъахъуэ, сыщІоущІкІ. Си нэбжьыщым уэшх ткІуэпсхэр къыпоткІу, нэпсым хуэдэу, си лъагъуныгъэр къыздигъеижу.

ХЬЭПУПЦЫ МуІэед.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **7**. Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **8**. « ... и сэшхуэ» - КІыщокъуэ Алим и роман. **10**. Машинэ зэжьэхэуэм рулыр зыІагъэхэм ... хахащ. **11**. НэгъуэщІым ... хуэптІимэ, уэ уихуэжьныкІэ мэхъу. **12**. ЩІыпІэ хуабхэм хьэлъэзекъэу къыщагъэсэбэп псэущхьэ пІащэ. **13**. Зи лъабжьэр бжьыныщхьэм ещхьу губгъуэхэм, мэзхэм узыщрихьэлІэ къэкІыгъэ. ЦІыхум яшх. **15**. Къуацэчыщэ. **16**. Щоджэнцыкіу Алийи и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щыхь зиІэ и артистэ. **21**. Хабзэ-бзыпхъэм теухуауэ ди аджьхъэм къытхуагъэна щІэиныр ... зимыІэ хъугъуэфІыгъуэщ. **22**. Шыцуэс къесу узэрысым ... **23**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ. **24**. Члисхэм фІэлъ узэджьнэшхуэ. **25**. Гъэмахуэм Іэщым я фэр изых бадзэжь. **27**. Лъэгурыдз папщІэу гуэнэщэрыкъым ираІхьэу щыта мэкъу щабэ. **30**. Къуаргъым нэ хуащІати, ... жиІащ. **31**. Ди ныбжьэгъум ... ищІри, я унэ дригъэблэгъащ. **34**. ТхьилъымпІэм итыр зэрыпэжым щыхьэт техуэу дамыгъэ. **36**. ЦІыху къуэгъу, гъур дыдэ. **37**. ... джафэ. Е щІалэжь цІыкІу къуейщІейрейм хужаІэ псалъэ.

Ешуэкіыу: **1**. Зи ... исым и уэрэд къреш. **2**. Мыщэм фІэбэлацэ хьэкІэжъхуэкІэ. **3**. Нартыху хьэлу гъэва. **4**. Сосрыкъуэ бзаджагъэкІэ, Іэмалкіэ хигъэщІа и ныкъуэкъуэгъу. **5**. Пэшым къыщІэлъкІащ сымаджэм и щэІу, и ... макъ. **6**. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкІэ, Іэщхэм я тхъ. **9**. Цы Іуданэу зэІуща Іэльэщі хуабэ. **13**. Ерыскъы ... Е къару зыщІэлъ шхынигъуэ гуэр. **14**. Пхъэ дзакІэм къыгуэльэта Іыхьэ папцІэ цІыкІу. **17**. Къэушырыба, къэпщІа. **18**. Гъэмахуэ щІымахуэ си тхьэмпэхэр щхъуанэгъэ, зи пхъафэр щхъуафэх жыг. **19**. БгитІ зэкуакъ. **20**. Жэм лъакъуэ ... иуКІра? **26**. Ди къэралым щищ щІыхь куэд зыгъэпсэхуакІуэ здэкІуэ къалэ, Хьэрып Эмират Зэхэтым щыщІу. **28**. ИлъэсищыМ ит щыщІэ, щыбэ. **29**. Махуэм и зэхуэдитІ. **32**. ЩІы ... . Мэз ... . Е зыгуэрым и Іыхьэ тІэкІу. **33**. Тхьилъым и ... «джанэ». **34**. Къуаншагъэ зылэжьа, суд пащхьэ ираша цІыху. **35**. Псым тет кхъуэхьр и пІэм изымыгъэкІ гъущІ яе.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкъуауэгъуэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **2**. Бел. **5**. Къатыр. **6**. Ержьб. **8**. Іуданэ. **9**. Бжьахъуэ. **11**. Хьэкъуей. **13**. ХущІэ. **15**. КІэ. **16**. Удж. **19**. Абдж. **22**. Нухь. **23**. УпщІэ. **24**. Собэ. **27**. Бжей. **28**. Псынэ. **29**. Церп. **32**. Лэгъуп. **33**. Бажэ. **34**. КІыщ. **36**. Мет. **37**. Хъы. **38**. Кхъухь. **39**. Нып. **41**. БетІал. **43**. Пшэплъ. **46**. Амдэч. **47**. Шэрэз. **48**. Аргъей. **49**. Соку.

Къехьу: **1**. Сытхъу. **2**. Бэдэху. **3**. ЛантІэ. **4**. Хъурмэ. **5**. Къэб. **7**. Бей. **10**. Алыдж. **12**. Къудан. **14**. КъуакІэбгыкІэ. **15**. КІэпхъ. **17**. Джабэ. **18**. ЦІхьэпэщтэ. **20**. Сэхуэсэплъ. **21**. Псынабэ. **25**. Шей. **26**. Жей. **30**. Шэпхъ. **31**. Бжьхь. **35**. ЩІаитІ. **36**. Мыгъуэ. **39**. Нэмыс. **40**. Пхъэшку. **41**. Баш. **42**. Анэл. **44**. Шэрхъ. **45**. Лъей.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор-унафэщІ), Ширдий Маринэ (редактор-унафэщІ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпащхьэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●